

# Debòdman Emosyonèl: Konprann Konpòtman ki pa Gen Rapò ak Tik nan Sendwòm Tourette

Yon gid pou Fanmi k ap Viv ak Sendwòm Tourette  
ak lòt Twoub Tik



Awareness. Research. Support.




Debòdman emosyonèl se yon karakteristik ki komen nan Sendwòm Tourette (Tourette Syndrome, TS) e yo ka rele l tou kriz raj, twoub eksplozif okazyonèl (Intermittent Explosive Disorder, IED), dezekilib emosyonèl, dezekilib sansoryèl, ak kriz emosyonèl. Debòdman emosyonèl rive lè yon reyaksyon emosyonèl pa koresponn ak sityasyon an e li depase kapasite timoun nan pou l itilize estrateji adaptasyon ki apwopriye pou laj li. Reyaksyon emosyonèl timoun nan pa koresponn ak sityasyon timoun nan ap reyaji parapò ak li a. Pa egzanp, yon paran ki mande timoun nan pou l retire soulye l nan papòt la e sa lakòz timoun nan pete yon kriz rèl. Yon lòt egzanp, se yon klas ki resevwa yon rekonpans e timoun ki genyen Tourette la pa kapab kontwole kontantman ni e l kontinye gen yon konpòtman ki deranjan malgre yo mande l sispann an plizyè fwa.

Kapasite pou timoun nan regularize konpòtman li varye dejou an jou e selon sityasyon an kidonk yo pa kapab prevwa ensidan sa yo, byenke yo rive souvan. Debòdman emosyonèl kapab prezante kay anvivon mwaye nan timoun ki gen TS (Budman et al., 2000; Ashurova et al., 2021).

## Debòdman Emosyonèl ak Sendwòm Tourette

Pifò moun ki gen TS genyen omwen yon pwoblèm newosikyatrik oswa pwoblèm ki ki ko-egziste ak li, tankou ADHD (twoub defisi atansyon/ipè-aktivite), anksyete, OCD (twoub obsesyonèl konpilsif), (Hirchtritt et al., 2015) ki kontribye nan vin gen difikilte pou jere sityasyon ki bay estrès e ki akablan, kit yo pozitif kit yo negatif.

Timoun ki genyen Sendwòm Tourette ak pwoblèm ki ko-egziste ak yo, byen souvan pa kapab evalye sansasyon yo, panse yo, emosyon yo, oswa mouvman yo defason efikas. Mank kapasite pou evalye sa a se yon eleman newobyolojik li ye e li pa yon chwa timoun nan fè an tout konsyans.







Menm jan ak TS, jouk kounye a poko genyen okenn eksplikasyon syantifik klè pou sa ki lakòz kriz rèl eksplozif yo. Gen kèk etid ki jwenn ke yo gen plis chans pou yo rive nan moun ki te genyen tik lè yo te pi jèn, avèk tou yon degre tik ki pi grav (Chen et al., 2023). Travay pi resan yo (Atkinson-Clement et al., 2020) demontre ke kriz eksplozif yo pa gen rapò ak severite tik yo. Gen plizyè etid ki endike ke yo gen plis chans rive nan moun ki gen TS e ki genyen twoub defisi atansyon/ipè-aktivite (ADHD) tou (Chen et al., 2013, Atkinson-Clement et al., 2020, Hagstrom et al., 2020).

Nouvo rechèch yo ap ede nou konprann kriz eksplozif yo nan moun ki gen TS yo. Chèchè yo jwenn ke moun ki gen TS ak kriz eksplozif yo ka gen diferans nan fonksyonman fondamantal sèvo yo e ke kriz eksplozif konpòtmantal yo ka yon pwoblèm apa de TS e ki pa fè patide TS. Chèchè yo jwenn ke moun ki gen TS ak kriz eksplozif yo genyen mwens kontwòl efikas sèvo yo, yo gen difikilte pou yo regularize emosyon yo, e yo gen konpòtman agresif (Atkinson-Clement et al., 2020).

## Konpòtman yo Obsève Souvan

Kounye a ke nou konprann pi plis poukisa timoun manke kapasite regilasyon emosyonèl, annou konsantre nou sou kèk anviwònman ak aktivite kote ou ka wè kriz rèl yo ak lòt konpòtman difisil. Tablo sa a pa fin konplè nèt men pito li prezante kèk egzanp pwoblèm jèn moun ki gen Tourette ak fanmi yo gen pou yo jere toulejou.

LAKAY	LEKÒL	SITIYASYON SOSYAL	PIBLIK/KOMINOTE
Lè yo mande l sispann fè yon tach li renmen oswa pou l fè yon tach li pa renmen timoun nan ka pa sispann oubyen li ka refize fè tach la.	Lè l ap fè tranzisyon de yon klas a yon lòt timoun nan ka fè bwi, fè dezòd, oubyen refize swiv règleman salklas la yo.	Lè l ap jwe ak kanmarad li yo, timoun nan ka sanble l "otoritè," kote l toujou vle gen rezon.	Lè w soti pou al nan yon magazen, restoran oswa aktivite sosyal sanzatann, timoun nan ka montre konpòtman negatif tankou movesan, letaji oswa refize ale.
Lè yo mande l kite kay la pou l al yon lòt kote (menmsi l te renmen ale anvansa), timoun nan ka refize deplase.	Lè yo mande l fè tach li pa renmen, timoun nan ka refize kòmanse travay.	Lè l ap jwe ak kanmarad li yo, timoun nan ka devlope nouvo règ ki benefik pou li.	Lè n ap monte desann fè kous, timoun nan ka pa fleksib, e adilt la ka pa kapab fini tout kous yo.
Lè yo mande l fè tranzisyon pou l sispann ak jwèt videyo yo, timoun nan ka refize oubyen l ka pete yon kriz kòlè.	Aprè yon aktivite aktif tankou manje midi, rekreyasyon oswa Edikasyon Fizik (PE), timoun nan ka gen difikilte pou l kalme ak travay.	Lè l ap entèrajè ak kanmarad li yo, timoun nan ka montre kapasite sosyal li yo enkonfòtab, sitou lè l ap rankontre nouvo zanmi.	Nan yon restoran oswa yon fèt anivèsè, timoun nan ka vin santi l depase e l ka di "Mwen pa kapab manje la a, gen twòp bwi, mwen pa vle ret la a, mwen toujis vle al lakay mwen."
Lè l fache pandan entèraksyon ak bèt domestik oswa frè ak sè l yo, timoun nan ka fè kòlè vèbalman oswa fizikman.	Eleman akademik estresan tankou yon tès matematik, prezantasyon oral, travay difisil, oubyen chita pandan twò lontan, ka lakoz timoun nan tonbe fè bwi, li vin enkonfòtab nan kad sosyal e/oubyen l vin dezenterese.	Timoun nan ka mal entèprete atansyon lòt moun tankou yo 'renmen l' oubyen yo 'rayi l'.	Nan yon kote ki gen foul moun oubyen ki gen anpil bwi, timoun nan ka manyen defason inapwopriye oubyen pale lèd ak lòt moun e/oubyen tèt pa l.
Lè timoun nan gen estrès oubyen l fache, li/yo ka kraze brize kèk bagay oubyen kèk pati nan kay la.	Nan gwo sityasyon sosyal ak kanmarad li yo, timoun nan ka pa gen kapasite pou l evalye entèraksyon ak lòt moun. Timoun nan ka mal entèprete reyaksyon oubyen sa kanmarad li yo di li.	Lè l ap entèrajè ak kanmarad li yo, yo ka anbete timoun nan oubyen se ka li k ap anbete lòt yo san l pa reyalize sa.	Lè timoun nan pa kapab kite sityasyon an tousuit, li/yo ka gen sak parèt tankou yon egzajerasyon fòse emosyon/ konpòtman ni.
Pandan dine famiyal timoun nan refize vin chita oswa l ajè defason inapwopriye bò tab la.	Lè l ap jwe yon jwèt, timoun nan ka gen difikilte pou l ret tann tou pa l, pou l suiv règ yo, pou l aksepte responsablite pou pati pa li, oubyen li ka santi se li ki toujou gen tò.	Lè l ap jwe jwèt espòtif, timoun nan ka panse lòt moun yo fè koken, oubyen yo pa p suiv règ jwèt la yo.	Li ka difisil pou l kanpe oubyen pou l tann nan liy, e timoun nan ka vin egzijan e l ka gen gwo fristrasyon ak enpasyans.
			

## Otoregilasyon pou Paran oswa Moun K ap bay Swen ak Timoun

Otoregilasyon se kapasite pou jere emosyon, konpòtman, ak mouvman ki apwopriye nan yon sitiyasyon pou ni sitiyasyon pozitif ak ni sitiyasyon negatif yo (Davis et al., 2020) Otoregilasyon se yon kapasite ki trè konplike, ki kòmanse devlope nan jèn anfans e li kontinye devlope jouk nan laj adilt. Genyen plizyè faktè ki enfluyans fason moun kapab jere otoregilasyon, faktè tankou pèsonalite, byoloji, kwayans kiltirèl, faktè sosyal, levasyon timoun, oubyen estil swen sante e menm pwoblèm sante yo, tankou Sendwòm Tourette (Davis et al., 2020). Kapasite pou yon moun otoregle tèt li trè enpòtan pou yo gen kontwòl emosyonèl, pou yo ka prete atansyon, e pou yo ka jere konpòtman yo. Diferans nan sèvo a, ikonpri "mank yon filtè"



nan nwayo gri santral la, fè moun ki gen tik yo gen difikilite pou yo otoregle tèt yo e l fè timoun yo gen plis chans demontre konpòtman deranjan ki pa gen rapò ak tik yo. Anplisdesa, pwoblèm ki ko-egziste yo, tankou ADHD, anksyete, ak twoub espèk otis, si li prezan, kapab fè otoregilasyon an pi difisil akòz diferans nan pati sistèm nève otònòm sèvo a (Davis et al., 2020). Defisi yo konnen ki genyen nan fonksyonman egzekitif nan kèk timoun ki gen Sendwòm Tourette kapab fè regilasyon emosyon yo difisil tou (Romero-Ayuso et al., 2020).

Timoun ki gen tik yo genyen plizyè faktè ki ka afekte emosyon yo ak konpòtman yo. Lè y ap jere anvè entèn pou tik yo, lè yo gen panse obsesif yo, ak lè y ap filtre debòdman sansoryèl yo, tout sa kapab lakoz kriz emosyon pandan jounen an. An reyalyte, lè timoun ki gen tik yo siprime emosyon yo oubyen tik yo pandan jounen an, byen souvan yo vin fè yon kriz eksplozif nan fen jounen an. Yo ka byen reziste tou pou yo fè devwa lakay yo, sa ki ka lakoz yon pwoblèm ant timoun nan ak paran ni oubyen ak moun k ap okipe l la chak swa. Akòz timoun nan te siprime tik yo ak konpilsyon yo e l te ka fonksyone - malgre debòdman sansoryèl yo - pandan jounen lekòl la, distans pou l rive lakay li, li vin gen yon debòdman oubyen yon eksplozyon tik li yo ki vin difisil pou l jere. Esansyèlman, "bòl" emosyon yo a vin plen e li menm debòde a a yon pwen ke li pa kapab otoregle tèt li.

Difikilite ak otoregilasyon yo pa inik pou timoun ki gen tik sèlman. Paran ak moun k ap bay swen yo kapab ap fè eksperyans pandan jounen an ki lakoz yo santi yo depase ak emosyon. Okipe timoun, monte desann nan fè kous, jere yon travay, ak fonksyone malgre somèy yo limite, tout sa yo ka lakoz emosyon yo debòde e gendelè sa lakoz reyaksyon eksplozif sou manm fanmi yo. Anbrèf, nou tout genyen yon "bòl" ki debòde lè nou pa kapab jere anyen ankò e nou pa kapab regilarize tèt nou defason apwopriye.

## Aprann Otoregilasyon

Devlope kapasite otoregilasyon kapab difisil pou anpil timoun ki gen TS. Kapasite sa yo non sèlman enpòtan nan jere konpòtman ki pa gen rapò ak tik ke yo pa vle yo antanke timoun, men kapasite otoregilasyon yo pwouve ke yo enpòtan pou reyisit nan lavi pi devan (Montroy et al., 2016). Bòn nouvèl la sèke terapi ak entèvansyon konpòtmantal montre yo trè efikas pou aprann ak amelyore otoregilasyon.



Pifò terapi konpòtmantal ak pwogram terapi regilasyon yo itilize estrateji sanblab pou ede anseye timoun kijan pou yo otoregle tèt yo. Pami kèk estrateji posib paran ak moun k ap bay swen yo kapab itilize pou ede timoun ki gen tik yo aprann otoregle tèt yo, genyen:

- Ede pitit ou konprann ak aksepte pa gen pwoblèm si l gen santiman difisil e si l eksprime emosyon difisil.
- Chita ak pitit ou etan l ap pase emosyon difisil yo epi pale sou santiman timoun nan ap viv yo.
- Prete atansyon a deklanchè yo oswa bagay ki plen bòl ou epi pataje yo ak pitit ou pou ede pitit ou a konprann deklanchè yo ak kisa ki plen bòl pa li.
- Raple pitit ou a ke bòl pa l la ka plen pi rapid pase lòt moun.
- Travay ak pitit ou a pou l jere emosyon defason PREVAANTIF pou evite debòdman. Gade egzanp estrateji prevantif ki annapre yo.
- Rasire pitit ou a ke tout moun dwe aprann estrateji pou ede asire bòl yo pa vin debòde.

*“Anpil timoun tousempleman manke baz newodevlopmanal pou yo resi devlope otoregilasyon. Si w ta mande yo otoregle tèt yo se ta tankou w ap tann yon adolesan kondui yon machin san l pat janm pran okenn kou fòmasyon pou chofè machin.”*

— Mona Delahooke, PhD

- Fè l konprann ke emosyon yon moun afekte lòt moun. Ou ka fè sa nan travay ak pitit ou a sou kijan lòt moun fè l santi l. Ou ka fè l pran konsyans sou sa li di ak sa li fè tou e kijan sa ka fè lòt moun santi yo.
- Bay egzanp estrateji otoregilyasyon ki bon pou sante epi pataje moman kote w te rive enplemannte yo.

Egzanp estrateji prevantif:

- Itilize dispozitif fidjèt yo
- Fè egzèsis
- Respirasyon pou kalme
- Relaksasyon Pwogresif Misk
- Egzèsis meditasyon
- Itilize yon kwen ki kalme oswa yon pòd sansoryèl
- Jwe mizik
- Fè Desen
- Pratike ajì an tout konsyans
- Rete idrate
- Manje yon rejim alimantè ki bon pou sante
- Somèy ak repo
- Al fè yon ti mache

## Ko-regilyasyon

Lè yon manm fanmi an santi l depase oubyen l debòde emosyonèlman, sa ka afekte tout rès fanmi an. Teyori sistèm fanmi an ka eksplike enfliyans manm fanmi sa a genyen sou youn lòt (White & Klein, 2008). Teyori sistèm fanmi an eksplike ke tout moun nan fanmi an fè patide yon sistèm ki entèkonekte, kote chak moun se yon endividi inik avèk pwennvi ak pèsonalite inik. Kòm imaj vizyèl, panse a sa tankou yon mobil pou bebe, kote valè debaz fanmi an se pati anlè mobil la k ap kenbe inite a ansanm, men chak grenn pyès yo se chak manm fanmi an. E lè pyès endividyèl mobil la [oswa moun endividyèl yo] vin dejwente akòz emosyon oswa konpòtman endezirab, li ka debalanse tout mobil la [fanmi an]. Ki vle di, lè yon timoun genyen difikilte ak otoregilyasyon tèt li epi l manifeste debòdman emosyonèl eksefif, sa ka afekte otoregilyasyon pwòp paran an.



## KIJAN POU RIVE FÈ KO-REGILASYON



Rechèch montre ke apatide yon jèn aj, paran ak timoun yo gen tandans ko-regle youn lòt (Bridgett et al. 2020). Paran yo kapab soulaje oubyen kalme yon timoun lè yo tousenpleman kalme tèt pa yo oubyen lè yo itilize kèk nan pwòp estrateji pou kalme tèt yo. Akoz desa, li trè enpòtan, antanke paran yon timoun ki gen tik, pou n aprann kijan pou jere pwòp otoregilyasyon ak emosyon pa w. Lè w aprann regle emosyon w, ou kapab ede ko-regle emosyon pitit ou a tou (Lobo, 2020). Lè w bay egzanp bon konpòtman otoregilyasyon, tankou suiv yon rejim alimantè ki bon pou sante, fè egzèsis, gen bon somèy, toujou aji an tout konsyans, epi pran tan pou tèt ou lè w santi w depase, ou kapab demontre estrateji regilyasyon ki bon pou sante devan pitit ou a. Terapi endividyèl, gwoup sipò tankou [Gwoup Sipò TAA sou Entènèt](#), aplikasyon pou aji an tout konsyans ak meditasyon (anpil nan yo gratis), epi pran tan pou fè egzèsis poukont ou oswa ak yon zanmi, tankou tou ou kapab benefisye de pwogramme yon ti tan pou pase ak zanmi k ap ba w sipò.

An konklizyon, otoregilyasyon pa fasil ditou. Elve yon timoun ki gen tik, ki gen difikilte avèk otoregilyasyon, kapab trè difisil ak emosyonèl. Li enpòtan pou w montre yon timoun ki gen tik pou l aprann kijan pou l evite ak jere emosyon endezirab ak konpòtman ki pa gen rapò ak tik yo atravè pwogramasyon otoregilyasyon ak nan bay egzanp konpòtman yo.



## Jesyon Konpòtman Difisil yo

### Estrateji Prevansyon pou Konpòtman Difisil

**Estrateji pou itilize anvan** yon kriz rèl:

- Moun k ap bay swen yo dwe pran tan pou yo pale ak timoun yo sou sa yo konnen, sa yo obsève, oubyen sa yo santi anvan yon kriz rèl:
  - Pwogramme yon tan lè moun k ap bay swen yo ak timoun nan gen tan lib e lè yo tout sou bon san yo pou yo pale.
  - Montre konpasyon, pataje obsèvasyon avèk timoun nan etan w ap byen reflechi sou santiman timoun nan yo. Koute ak anpil atansyon etandone timoun nan ka gen kèk bagay li konnen ke paran an oswa moun k ap bay swen an pa okouran.
- Pran san w pou travay ak timoun nan epi itilize kèk estrateji prevansyon ki mansyone pi wo a yo.
- Konsilte pwofesyonèl lekòl la yo ki travay pwòch ak timoun nan, pou n travay sou idantifye sa l konnen, sa l obsève, oubyen sa l santi anvan yon kriz rèl. REMAKE: Pwofesyonèl lekòl la yo kapab travay ak timoun nan sou estrateji prevansyon.

*“Konpòtman difisil rive lè demann yo mete sou yon timoun depase kapasite l genyen pou l reyaji defason adaptif parapò ak demann sa yo.”*

— Dr. Ross Greene

Rete atantif parapò ak deklanchè tankou tranzisyon yo oswa eleman estrès yo, pa egzanp kote ki gen bwi oswa ki plen foul moun. Ou pa oblije evite tout sitiyaasyon ki ka deklanche timoun nan, men rete veyatif pou w wè kisa ki plen bòl emosyonèl li. Pa egzanp, fanmi an ka toujou kapab al manje deyò, men l ta dwe chwazi yon lè nan jounen an ki pi bonè lè pa gen anpil bwi. Oubyen yon moun k ap bay swen ka gen chans tounen ak yon timoun nan yon espas san bwi oubyen lakay li pi bonè apre yon evènman ki gen foul moun oswa ki gen anpil bwi.

Dèke genyen yon antant sou 'siyal' ki alète yon kriz rèl pral vini, se lemoman pou pale pito sou sa timoun nan pral fè. Sa pa p fèt menm jan an lè timoun nan deyò nan kominote a ak lè l lakay li, donk se yon bon ide pou w planifye pou diferan sitiyaasyon yo etandone sa pral ede w jwenn bon rezilta.

Se pou w veyatif sou siyal avètisman yo tankou ajitasyon eksef, annwi, tapaj, oubyen y ap plede di yo vle al lakay yo. Pa ret tann jouk li twò ta.

Anvizaje fè rankont famiyal regilyèman ak fanmi an kote tout moun vin bò tab la pou pale sou sa k pase pandan semèn nan ak sa fanmi an bezwen. Tout moun



nan kay la ap patisipe. Rankont familyal yo ka yon moman pou tcheke kijan tout moun ye, pataje enfòmasyon, oubyen selebre akonplisman. Fè ansòt rankont familyal yo pa toujou konsantre sou konpòtman ak emosyon difisil yo sèlman. Lè w enkli sijè ak opòtinite pozitif yo nan selebrasyon an, sa pral ede tout moun tounen ak santiman pozitif.

#### **Estrateji pou w itilize nan moman yon kriz rèl:**

Anvizaje itilize èd vizyèl pou 'espas prefere' w deziyen. Souvan, nan moman kriz rèl la, timoun k ap fè kriz rèl la pa vle moun k ap ba l swen an pale avèk li. Ou ka montre l yon foto espas prefere a ansanm ak yon foto nenpòt zouti sansoryèl oubyen teknik nou te dakò davans sou yo e ke nou itilize anvansa. Se pou w planifye espas yo, zouti yo, ak teknik yo avèk timoun nan alavans.

Pèmèt timoun nan egzekite plan an. Sa ka parèt tankou deplase al nan yon lòt espas, itilize teknik respirasyon, oubyen pratike lòt estrateji ki kalme oswa estrateji otoregilyasyon.

PIGA eseye entèfere nan moman sa a. Si w fè sa, se sèten bagay yo pral degrenngole.

Rete kalm. Itilize pwòp estrateji ki kalme w yo si li nesèsè.

Asire sekirite:

- Rekonèt siyal avètisman yo
- Kenbe bagay ki kapab kase yo lwen
- Rete kalm
- Kite pyès la si sa nesèsè

#### **Estrateji pou w itilize apre yon kriz rèl:**

- Kontrandi yo enpòtan. Se pou sa fèt nan espas tan detèmine kote tout moun ki konsène yo kapab sonje kriz rèl la klèman e ak kèk presizyon (inèdtan jiska pa plis pase yon jou), e an menm tan tou bay espas ak tan pou dijere eksperyans lan ak evènman deklanchè a.
- Fè elòj timoun nan pou efò w remake yo ak siksè w obsève yo AN PREMÈ.
- Pale sou ki aksyon tout moun konsène yo ka ranfòse.
- Eseye sonje ke se pa yon atak pèsònèl.
- Ede rezoud pwoblèm ansanm.
- Travay ak yon ekip terapi, si w gen youn, sou regilyasyon emosyonèl ak estrateji relaksasyon pou w itilize kòm prevansyon.



## An Konklizyon

Ede timoun ak adolesan ki gen TS, ki gen lòt Twoub Tik e ki gen pwoblèm medikal ki ko-egziste ak yo, jere konpòtman difisil yo ak gwo emosyon lakay yo, lekòl, ak nan kominote a mande anpil travay ak pratik byen kalkile. Sa mande tan ak anpil enèji tou. Siksè rive lantman ak lè tout manm fanmi an k ap travay pou menm objektif la.

Tanpri ale sou sitwèb [www.tourette.org](http://www.tourette.org) pou plis kit zouti edikatif. Tourette Association of America kapab bay lekòl yo ak edikatè yo enfòmasyon sou Sendwòm Tourette ak pwoblèm ki ko-egziste ak yo nan bay yon prezantasyon pratik. Kontakte [support@tourette.org](mailto:support@tourette.org) pou jwenn èd oswa pou plis enfòmasyon.

## Resous yo

***The Explosive Child (Timoun Eksplozif la) – Ross Greene***

***Beyond Behaviors (Anplisde Konpòtman yo) – Mona Delahooke***

**[Chèn YouTube Tourette Association of America](#)**

### Leaky Brakes

Vidèyo yo rekòmande pou ede ak otojesyon ak regilasyon emosyonèl:

Etap 1: Konsyantizasyon

Etap 2: Kisa ki Plen Gode Mwen

Etap 3: Siyal Avètisman ke Gode a ap Plen

Etap 4: Gode Vid

Ale sou [sitwèb](#) yo a pou jwenn plis enfòmasyon

### Zòn Regilasyon yo

Zòn Regilasyon yo: Yon konsèp pou ankouraje otoregilasyon ak kontwòl emosyonèl.

Sitwèb sa a gen ladann:

- Aplikasyon sou Zòn yo
- Fòmilè/fèy ou ka telechaje
- Aplikasyon lekòl pou plizyè kontèks (kou, asanble, elatriye)
- Konferans sou entènèt (Wèbinè)

Ale sou [sitwèb](#) yo a pou jwenn plis enfòmasyon

### Referans

American Psychiatric Association, 2013. Diagnostic and Statistical Manual of Mental Disorders (DSM-5<sup>®</sup>). American Psychiatric Pub.

Atkinson-Clement C, Porte CA, de Liege A, Klein Y, Delorme C, Beranger B, Valabregue R, Gallea C, Robbins TW, Hartmann A, Worbe Y. Impulsive Prepotent Actions and Tics in Tourette Disorder Underpinned by a Common Neural Network. *Mol Psychiatry*. 2020 Sep 29. doi: 10.1038/s41380-020-00890-5. Epub ahead of print. PMID: 32994553.

Ashurova M, Budman C, Coffey BJ. Ticked Off: Anger Outbursts and Aggressive Symptoms in Tourette Disorder. *Child Adolesc Psychiatr Clin N Am*. 2021 Apr;30(2):361-373. doi: 10.1016/j.chc.2020.10.006. Epub 2021 Feb 15. PMID: 33743944.

Bridgett, D. J., Ganiban, J. M., Neiderhiser, J. M., Natsuaki, M. N., Shaw, D. S., Reiss, D., & Leve, L. D. (2018). Contributions of Mothers' and Fathers' Parenting to Children's Self-Regulation: Evidence from an adoption study. *Developmental science*, 21(6), e12692. <https://doi.org/10.1111/desc.12692>

Budman CL, Rockmore L, Stokes J, Sossin M. Clinical Phenomenology of Episodic Rage in Children with Tourette Syndrome. *J Psychosom Res*. 2003 Jul;55(1):59-65. doi: 10.1016/s0022-3999(02)00584-6. PMID: 12842232.

Chen K, Budman CL, Diego Herrera L, Witkin JE, Weiss NT, Lowe TL, Freimer NB, Reus VI, Mathews CA. Prevalence and Clinical Correlates of Explosive Outbursts in Tourette Syndrome. *Psychiatry Res*. 2013 Feb 28;205(3):269-75. doi: 10.1016/j.psychres.2012.09.029. Epub 2012 Oct 4. PMID: 23040794; PMCID: PMC3543492.

Davis, EL, Brooker, RJ, Kahle, S. Considering Context in the Developmental Psychobiology of Self-Regulation. *Developmental Psychobiology*. 2020; 62: 423-435. <https://doi.org/10.1002/dev.21945>

Hovik KT, Egeland J, Isquith PK, Gioia G, Skogli EW, Andersen PN, Øie M. Distinct Patterns of Everyday Executive Function Problems Distinguish Children With Tourette Syndrome From Children With ADHD or Autism Spectrum Disorders. *J Atten Disord*. 2017 Aug;21(10):811-823. doi: 10.1177/1087054714550336. Epub 2014 Sep 24. PMID: 25253683.

Lobo, F. M., & Lunkenheimer, E. (2020). Understanding the Parent-Child Coregulation Patterns Shaping Child Self-Regulation. *Developmental Psychology*, 56(6), 1121-1134. <https://doi.org/10.1037/dev0000926>

Montroy, J. J., Bowles, R. P., Skibbe, L. E., McClelland, M. M., & Morrison, F. J. (2016). The Development of Self-Regulation across Early Childhood. *Developmental Psychology*, 52(11), 1744-1762. <https://doi.org/10.1037/dev0000159>

Romero-Ayuso, D., Alcántara-Vázquez, P., Almenara-García, A., Nuñez-Camarero, I., Triviño-Juárez, J. M., Ariza-Vega, P., Molina, J. P., & González, P. (2020). Self-Regulation in Children with Neurodevelopmental Disorders "SR-MRehab: Un Colegio Emocionante": A Protocol Study: *International Journal of Environmental Research and Public Health*, 17(12),4198. <https://doi.org/10.3390/ijerph17124198>

White, J.M. & Klein, D.M. (2008). *The Systems Framework. Family Theories*. Sage Publications, Thousand Oaks, pp. 151-177

Se Nimewo Akò Sibvansyon oswa Kowoperativ, 5 NU28DD000001-02-00, ki sipòte piblikasyon sa a, e ki jwenn finansman nan men Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention). Se otè yo sèlman ki responsab kontni yo epi yo pa fòseman reprezante opinyon ofisyèl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi ni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services).



42-40 Bell Blvd., Suite 205, Bayside, NY 11361 [tourette.org](http://tourette.org) 888-4TOURET  
**Facebook @TouretteAssociation Twitter @TouretteAssn**  
**Instagram @TouretteAssociation YouTube @Tourette TV**